

IMPLIKATUR PACATURAN LAN PALANGGARAN MAKSIM KERJASAMA SAJRONE  
TETAKONAN ING GRUP SUMBANGSIH

**Mareta Wahyuni**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

email : [maretawahyuni177@yahoo.co.id](mailto:maretawahyuni177@yahoo.co.id)

**Abstrak**

Implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan mujudake salah sawijine ilmu pragmatik. Implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama ana sajrone tindak pacaturan langsung utawa ora langsung, ananging uga ana sajrone Grup Sumbangsih.

Adhedhasar andharan kasebut underane panliten yaiku: (1) Apa wae jinis implikatur pacaturan sajrone tetakonan ing Grup Sumbangsih, (2) Apa wae jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing Grup Sumbangsih. Jumbuh karo underane panliten kasebut, ancasa panliten yaiku: (1) Ngandharake apa wae jinis implikatur pacaturan sajrone tetakonan ing Grup Sumbangsih, (2) Ngandharake apa wae jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing Grup Sumbangsih.

Teori kang digunakake yaiku Teori Yule kang disengkuyung dening teorine Grice. Metodhe panliten iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif. Sumber dhata panliten iki yaiku pawongan kang nindakake pacaturan ning Grup Sumbangsih lan dhata kang utama yaiku arupa ukara tetakonan ning Grup Sumbangsih kang kawawas miturut underane panliten. Dhata ing panliten iki dikumpulake kanthi metodhe nyimak, waca, cathet, lan pustaka. Ing babagan analisis data, panliti nggunakake metodhe deskriptif.

Asile panliten sing wis ditindakake kanthi nggunakake Grup Sumbangsih tinemu anane jinis implikatur pacaturan lan jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan. Jinis implikatur pacaturan sing tinemu yaiku implikatur pacaturan umum lan implikatur pacaturan mligi. Dene jinis implikatur pacaturan umum sing tinemu ing Grup Sumbangsih yaiku implikatur *berskala* lan implikatur *clausal*. Banjur implikatur pacaturan mligi sing ditemokake yaiku implikatur *premis* lan implikatur *conclusion*. Dene jinis palanggaran maksim kerjasama sing tinemu ing Grup Sumbangsih yaiku palanggaran maksim kualitas, kuantitas, relevansi lan cara.

Tembung Wigati : Implikatur Pacaturan, Palanggaran Maksim Kerjasama, Tetakonan

**PAMBUKA**

Lelandhesan Panliten

Implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan minangka salah sawijine ilmu pragmatik. Implikatur digunakake kanggo ngandharake pambada kang kerep ditindakake antarane kang dituturake lan kang diimplikasikake. Miturut (Grice sajrone Rahardi, 2005:43) sajrone artikele kanthi irah-irahan "*Logic and Conversation*" ngandharake yen sawijine tuturan bisa *mengimplikasikan proposisi* sing ora minangka bagian saka tuturan kasebut. *Proposisi* kang diimplikasikake kuwi diarani implikatur pacaturan.

Miturut (Yule, 2006:70) adhedhasar jinise implikatur pacaturan bisa diperang dadi

loro, yaiku implikatur pacaturan umum (*generalized conversational implicature*) lan implikatur pacaturan mligi (*particularized conversational implicature*). Implikatur pacaturan umum bisa diperang dadi loro, yaiku implikatur berskala (*scalar implicature*) lan implikatur klausal (*clausal implicature*), banjur miturut Sperber lan Wilson (sajrone Nadar, 2008: 62) implikatur pacaturan mligi bisa diperang dadi telu, yaiku implikatur premis (*implicated premises*), implikatur konklusion (*implicated conclusion*) lan proposisional. Banjur jinis palanggaran maksim kerjasama miturut Grice (1975:45-47) bisa diperang dadi 4, yaiku maksim kualitas,

maksim kuantitas, maksim relevansi, lan maksim cara.

Ana ing pacaturan, sejatine manungsa ngirimake kode-kode tartamtu kang katuju marang lawan tuture. Antarane panutur lan mitra tutur kudu padha-padha ngerti babagan apa kang diomongake, amarga upamane ana salah sijine sing ora sambung, pacaturan kasebut ora ana gunane. Kadhang kala nalika nindakake pacaturan, pawongan kasebut ora ngandharake kanthi cara sinurat utawa maksud kang siningid. Mula, saka pacaturan kasebut mitra tutur supaya ngerteni maksud saka panutur (Grice sajrone Rohmadi, 2004:37)

Implikatur sawijine guneman bisa disebabake amarga anane palanggaran prinsip pacaturan. Prinsip pacaturan yaiku prinsip kang kudu digatekake lan kudu dilakone dening panganggo basa supaya komunikasi bisa ditindakake kanthi lancar. Sabanjure, diandharake ngenani prinsip pacaturan kasebut yaiku prinsip kerjasama lan prinsip kesopanan. Sajrone prinsip kerjasama panutur kudune menahi kontribusi kang diperlukake nalika nindakake pacaturan (Grice sajrone Gunarwan, 2007: 308).

Implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama kerep ditemokake sajrone tindak pacaturan langsung utawa ora langsung, ananging saliyane kuwi implikatur

pacaturan uga ditemokake sajrone tuturan kang wujud tinulis. Ing kene implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama jalaran kang kasusun saka rerencengane ukara kang nuduhake uneg-unege ati. Wacana tulis uga mujudake pangudarasane pangripta.

Salah sijine kang ngandhut implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama iki bisa ditemokake ning *Grup Sumbangsih*. Pacaturan kang ana ning *Grup Sumbangsih* kasusun saka tembung-tembung kang ngandhut implikatur pacaturan lan ngandhut palanggaran maksim kerjasama. Tuturan-tuturan kasebut nuwuhake maksud tartamtu kang kerep ndadekake pangira-ngira dening para pamidhanget. Bisa uga nggambarake kahanan kang dirasa lan diwujudkan kanthi cara tinulis.

Implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih* iki durung tau diteliti. Panliten kang sadurunge mung njlentrehake kanthi amba. Mula saka kuwi, ning kene panliti njlentrehake kanthi cara gamblang yaiku, bisa merang jinis implikatur pacaturan lan jinis palanggaran maksim kerjasama. Mula panliten nduweni irah-irahan "*Implikatur Pacaturan lan Palanggaran Maksim Kerjasama sajrone Tetakonan ing Grup Sumbangsih*

uga bisa migunani ing pangrembakane kajian implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama, uga kanggo nyempurnakake ilmu basa.

#### **Paedah Praktis**

Asil panliten iki bisa menahi paedah kanggo para panliti-panliti sabanjure lan ngandharake implikatur pacaturan uga palanggaran maksim kerjasama kanthi luwih gamblang, cetha, jangkep. Sarta bisa menahi kawruh marang para pamaca yen ta para pamaca kuwi manggon ning panutur utawa mitra tutur.

#### **Panjentrehe Tetembungan**

Supaya ora kliru anggone ngerteni tetembungan kang dienggo sajrone panliten iki, mula perlu diandharake wewatesane tetembungan. Tetembungan kang dienggo ing panliten iki, yaiku:

Implikatur pacaturan yaiku *proposisi* utawa *pernyataan implikatif*, yaiku apa kang ditegesake, utawa apa kang dimaksud panutur beda karo apa kang sabenero dipocapake

#### **Underane Panliten**

- (1) Apa wae jinis implikatur pacaturan sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih*?
- (2) Apa wae jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih*?

#### **Ancase Panliten**

- (1) Ngandharake apa wae jinis implikatur pacaturan sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih*.
- (2) Ngandharake apa wae jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih*.

#### **Paedahe Panliten**

Paedahe panliten iki diperang dadi loro, yaiku paedah teoretis lan paedah praktis. Kaloro paedah kasebut bakal diandharake kaya ning ngisor iki.

#### **Paedah Teoretis**

Panliten iki dikarepake bisa migunani tumrap pangrembakane ilmu pragmatik sing wis ana sadurunge. Saliyane kuwi, panliten iki

dening panutur sajrone pacaturan (Grice sajrone Gunarwan, 2007:247).

Palanggaran Maksim Kerjasama yaiku sawijine prinsip pacaturan kang ora dipatuhi sajrone nindakake pacaturan. Prinsip pacaturan bisa diperang dadi 4, yaiku maksim kualitas, maksim kuantitas, maksim relevansi lan maksim cara (Grice, 1975:45-47)

Tetakonan yaiku ukara kang nduweni pola intonasi kang pungkasane munggah, lan yen sajrone ragam tulis biasane ditandhai karo tandha (?) (Kridalaksana, 2008:104).

Facebook yaiku salah sawijine jejaring sosial ing ngendi panganggone bisa interaksi, ngirim pesen, bisa ketemu karo kanca lawas, nggolek kanca anyar, chatting, dolan bareng, ngirim file lan foto, nggolek partner bisnis, main game online karo kanca lsp. (<http://www.64mes.com/2011/04/facebook-definisi-manfaat-dan.html>- diakses 1 Januari 2016)

*Grup Sumbangsih* yaiku asale saka tembung *Grup* lan *Sumbangsih*. *Grup* kang tegese pangumpule pawongan lan *Sumbangsih* yaiku sumbangan kang adhedhasar katresnan. Ora mung kuwi wae nanging uga ngrembakakake sastra, budaya lan basa Jawa (miturut Trinilya minangka admin *Grup Sumbangsih*).

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tinting kapustakan bakal njlentrehake ngenani panliten-panliten sadurunge kang saemper lan ngenani landhesan teori kang digunakake dening panulis sajrone panliten iki.

### **Panliten kang Saemper**

Panliten Implikatur wis tau diteliti dening panliti sadurunge, yaiku Mustikawati (2011) Universitas Negeri Yogyakarta, kanthi irah-irahan "*Implikatur dalam Wacana Nuwun Sewu pada Surat Kabar Solopos*". Panliten iki ngandharake implikatur, paedah panganggone lan lelewane basa kang ndhukung anane implikatur sajrone wacana kolom *Nuwun Sewu ing Solopos*.

Suyanti (2012) Universitas Muhammadiyah Surakarta kanthi irah-irahan "*Jenis-Jenis Implikatur Percakapan Berdasarkan Palanggaran Prinsip Kerjasama dalam Talk Show Hitam Putih di Trans 7*". Panliten iki

ngandharake wujud palanggaran prinsip kerjasama ning pacaturan utawa dialog sajrone *talk show "Hitam Putih"* lan ngandharake wujud panganggone implikatur pacaturan saka palanggaran prinsip kerjasama sajrone *talk show "Hitam Putih"*.

Retnowati (2013) Universitas Sebelas Maret Surakarta, kanthi irah-irahan "*Implikatur Bahasa Jawa dalam Kethoprak Lawak Depot Seni Kirun (Suatu Kajian Pragmatik)*". Panliten iki ngandharake wujud penyimpangan prinsip kerja sama lan kesopanan sajrone kethoprak lawak depot seni Kirun, ngandharake inferensi implikatur sajrone kethoprak lawak depot seni Kirun, lan ngandharake maksud implikatur sajrone kethoprak lawak depot seni Kirun.

Anggraini (2014) Universitas Muhammadiyah Surakarta kanthi irah-irahan "*Implikatur Percakapan dalam Wacana Stiker Angkutan Umum Angkot di Wilayah Kudus*". Panliten iki nduweni telu ancas, yaiku kanggo ngandharake wujud implikatur pacaturan sajrone wacana stiker angkutan umum angkot ing dhaerah Kudus, ngandharake maksud implikatur pacaturan wacana stiker angkutan umum angkot ing dhaerah Kudus lan ngandharake cara implikatur pacaturan pacaturan sajrone wacana stiker angkutan umum angkot ing dhaerah Kudus.

Saliyane kuwi Jannah (2016) Universitas Negeri Surabaya kanthi irah-irahan "*Implikatur Sajrone Lagu Jawa Riptane Andjar Any*". Punjere panliten iki, yaiku: apa wae jinise implikatur konvensional sajrone lagu Jawa riptane Andjar Any lan apa wae jinise implikatur konversasional sajrone lagu Jawa riptane Andjar Any?

Adhedhasar panliten ngenani implikatur kang wis tau ditindakake dening panliti sadurunge, implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih* iki bisa narik kawigatene panliti. Saka tuturan kuwi mau panliti bisa njupuk adhedhasar jinis implikatur pacaturan lan jinis palanggaran maksim kerjasama.

### **Konsep-Konsep ing Panliten iki**

Yule (2006:4) ngandharake 4 teges pragmatik, yaiku: (1) pragmatik, studi ngenani maksud panutur, (2) pragmatik, ngenani studi makna kontekstual, (3) pragmatik, studi kepriye supaya luwih akeh kang diandharna

tinimbang kang dituturake, (4) pragmatik, studi ngenani tuturan saka *jarak hubungan*.

### **Teges Implikatur Pacaturan**

Sajrone pacaturan sawijine panutur nduweni maksud tartamtu nalika ngandharake samubarang. Maksud kang kinandhut sajrone guneman diarani implikatur. Panutur sajrone pacaturan kudu ngupaya supaya apa kang wis diandharake ana sesambungan karo kahanan sajrone pacaturan kasebut, cetha lan gampang dingerteni dening mitra tutur (Kushartanti, 2005:106).

Implikatur pacaturan yaiku *proposisi* utawa *pernyataan implikatif*, yaiku apa kang ditegesake, utawa apa kang dimaksud panutur beda karo apa kang sabenero dipocapake dening panutur sajrone pacaturan (Grice sajrone Gunarwan, 2007:247).

Implikatur pacaturan digunakake kanggo ngandharake apa kang ditegesi utawa kang dimaksud dening panutur, amarga implikatur pacaturan iki nduweni isi sinurat kang beda karo apa kang sabenero dipocapake dening panutur kuwi dhewe. Grice (1975:39) ngandharake "*Conversational implicature are typically connected to what is said rather than the way it is said*" tegese yaiku yen implikatur pacaturan ana sesambungane karo apa kang diandharake dening panutur tinimbang cara ngandharake kang digunakake dening panutur. Supaya proses tindak tutur bisa ditindakake kanthi lancar, kudune panutur lan mitra tutur kudu nuruti prinsip kerjasama.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut yen implikatur pacaturan yaiku *proposisi* utawa *pernyataan implikatif*, apa kang ditegesake, utawa apa kang dimaksud panutur beda karo apa kang sabenero dipocapake dening panutur sajrone pacaturan.

### **Jinis Implikatur Pacaturan**

#### **Implikatur Pacaturan Umum (Generalized Conversational Implicature)**

Implikatur pacaturan umum, yaiku ora nduweni lelandhesan utawa paugeran kang mligi lan konteks tuturan kang diajab bisa menehi dudutan saka anane tuturan (Yule, 2006:70).

#### **Implikatur Berskala (Scalar Implicature)**

Implikatur pacaturan umum kang diandharake adhedhasar sawijine skala nilai

diarani *implikatur berskala*. Yule (2006:71) ngandharake yen sawijine informasi tartamtu kang diandharake kanthi nggunakake sawijine tembung kang nuduhake nilai utawa nomina. Tetembungan kasebut kanggo ngandharake kayata kang dituduhake sajrone skala kayata sakabehe, saperangan, akeh, sithik, kerep, kadhang kala.

#### **Implikatur Klausal (Clausal Implicature)**

Implikatur pacaturan umum kang diandharake adhedhasar *ekspresi* kang kompleks, nanging merlokake pangira-ngira lan nduweni *ekspresi alternatif*. Implikatur pacaturan uga bisa ditengeri anane tembung kang digunakake yaiku (*utawa, lan*). ([www.sfs.unituebingen.de/~roland/PGT1314/folien/Sessi\\_on03.pdf](http://www.sfs.unituebingen.de/~roland/PGT1314/folien/Sessi_on03.pdf)- Diakses 05 April 2016). Teges Klausal yaiku satuan gramatikal kang nduweni tataran ing ndhuwure frasa lan ing ngisore ukara. wujud klompok tembung sing nduweni jejer lan wasesa, lan nduweni potensi kanggo dadi ukara (Kridalaksana, 2008:110).

#### **Implikatur Pacaturan Mligi (Particularized Conversational Implicature)**

Implikatur pacaturan mligi, yaiku pacaturan kang dumadi sajrone konteks kang mligi kerep nuwuhake panemu kang dingerteni kanthi lokal. Inferensi-inferensi kang dadi sarat kanggo nemtokake maksud kang diandharake bakal ngasilake implikatur mligi (Yule, 2006:74).

#### **Implikatur Premis (Implicated Premises)**

Miturut Sperber lan Wilson (sajrone Nadar, 2009:62) '*implicated premises must be supplied by the hearer, 'who must either retrieve them from memory or construct them by developing assumption schemes retrieved from memory*'. Implikatur premis kudu ditindakake dening mitra tutur kang ngrembakakake panemu-panemu kang diasilake saka pangling-eling.

#### **Implikatur Konklusion (Implicated Conclusion)**

Miturut Sperber lan Wilson (sajrone Nadar, 2009:62) '*implicated conclusions are deduced from the explicatures of the utterance and the context*' tegese yaiku implikatur konklusion diasilake kanthi cara ndudut katrangan-katrangan tuturan karo konteks.

### Proposisional

Miturut Levinson (2003:276) Proposisional yaiku *the meaning carried by a propositionally well-formed linguistic expression*. Makna proposional yaiku makna kang ana sajrone ekspresi basa (linguistik) sajrone wujud utawa wujud kang trep (Jannah, 2016:23). Teges proposional nuduhake teges kang digawa saka wujud ekspresi linguistik kang apik miturut proposional. Nanging sajrone panliten iki, ora ditemokake dhata kang kalebu proposional.

### Jinis Palanggaran Maksim Kerjasama

Tuturan kang dipocapake dening panutur tumrap mitra tutur mesthi nduweni maksud lan tujuwan tartamtu. Maksud kang dipocapake dening sawijine panutur ora sakabehe diandharake kanthi cara langsung, nanging uga diandharake kanthi cara ora langsung. Prinsip kerjasama kadhang kala kang ora dipatuhi dening panutur lan mitra tutur (Gunarwan, 2007:259). Palanggaran maksim kerjasama kasebut bisa diperang dadi 4, yaiku palanggaran maksim kualitas (*flouting a maxim of quality*), palanggaran maksim kuantitas (*flouting a maxim of quantity*), palanggaran maksim relevansi (*flouting a maxim of relevance*), lan palanggaran maksim cara (*flouting a maxim of manner*).

#### Palanggaran Maksim Kualitas (*Flouting a Maxim of Quality*)

Palanggaran maksim kualitas yaiku wujud palanggaran kang kedadeyan amarga ora ngandharake sawijine babagan kang sabenera, lan ora ngandharake tanpa nduweni bukti/ andharan kang beda karo kasunyatan.

#### Palanggaran Maksim Kuantitas (*Flouting a Maxim Quantity*)

Palanggaran maksim kuantitas yaiku wujud palanggaran kang kedadeyan amarga ora ngandharake saprelune, ora sacukupe, lan ora apa anane. Uga kadhang kala nindakake palanggaran kanthi sengaja supaya nyebabake efek guyonan.

#### Palanggaran Maksim Relevansi (*Flouting a Maxim of Relevance*)

Palanggaran maksim relevansi yaiku palanggaran kang ditindakake nalika paraga ngandharake samubarang kang ora relevan lan ora nduweni guna. Tuladhane kaya nalika

paraga gagal sajrone ngandharake wangsulan utawa respon kang dijuluk, kayata ora mangsuli pitakonan saka apa kang paraga takonake, utawa bisa uga mitra tuture kanthi sengaja ngganti topik pacaturan kanthi maksud liya.

#### Palanggaran Maksim Cara (*Flouting a Maxim of Manner*)

Palanggaran maksim cara yaiku ngandharake samubarang kang sipate ambigu, ora cetha, ora ngluwih-ngluwihake, lan ora singkat. Babagan kaya mangkono bisa nyebabake kang negatif sajrone nindakake pacaturan. Saengga, paraga kudu ngerteni maksud kang sabenera saka apa kang dipocapake. Saliyane kuwi kang bisa nyebabake salah tampa. Kadhang kala paraga ora nduweni maksud nindakake babagan kasebut, nanging maksim cara iki biyasane ditindakake kanthi tujuwan tartamtu.

### Ngenani Takon

Andharan ngenani tetakonan isih arang banget dirembug dening para ahli basa lan asring disepelekake dening masyarakat, nanging upama dionceki luwih jero sithik, tetakonan iki perlu dirembug. Titikane ukara introgratif utawa tetakonan yaiku anane intonasi munggah ing pungkasane ukara. Upama ana intonasi senadyan ukarane ora jangkep, wis bisa diarani minangka ukara introgratif utawa tuturan kang nduweni teges takon.

Miturut Ramlan (1996:33) lan Samsuri (1987:233) ngandharake teges takon yaiku ukara kang nduweni pola intonasi kang pungkasane munggah, lan upama digambarake nganggo *notasi musik* pola intonasine yaiku [2] 3 // [2] 3 2 #. Banjur miturut Keraf (1980:156-159) kang ngandharake dene pitakon yaiku ukara kang ngandhut panyuwun supaya mitra tutur weruh (*informasi*) ngenani apa kang panutur durung weruh.

Chaer (2010:24) pitakonan ing basa tulis diwiwiti nganggo aksara kapital lan dipungkasi kanthi tandha takon nanging ing basa lisan pitakonan titikane yaiku intonasi munggah ing pungkasane ukara. Yen takon kuwi becike nggunakake tembung pitakon, yaiku apa, sapa, pira, piye, ning ngendi, kena ngapa, kapan. Ananging tetakonan bisa uga kedadeyan tanpa nggunakake tembung

pitakon kaya ngono kuwi. Tuladhane kaya “Kowe wis mangan?”. Dideleng saka tuladha kasebut ora ana titikan nganggo tembung takon, nanging dideleng saka intonasine ukara kasebut kalebu tetakonan.

Sajrone panliten iki kang dirembung, yaiku tetakonan kang wujud ukara. ukara pitakonan bisa diarani ukara introgratif. Ukara pitakon yaiku ukara kang isine nduweni pengarepan interaksi utawa wangsulane saka pamaca. Kridalaksana (2008:104) nambahi yen ukara pitakon sajrone ragam tulis biasane ditandhani karo tandha (?)

### **Konteks**

Konteks tuturan minangka panliten linguistik yaiku konteks sajrone sakabehe aspek fisik utawa landhesan sosial kang relevan saka tuturan kang sinambungan. Sajrone pragmatik konteks kuwi nduweni hakikat yaiku sakabehe lelandhesan dening panutur kang dingerteni dening panutur lan mitra tutur (Rohmadi, 2004:24). Parera (1990:120) ngandharake yen konteks iku sawijine kahanan kang dumadi saka anane setting, kagiyatan, lan relasi. Yen dumadi interaksi antarane telung perangan kuwi bakal mujudake konteks. Setting yaiku kahanan, wektu, lan papan panggonan nalika implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ditindakake. Kahanan iki uga diperang dadi kahanan resmi lan ora resmi. Kagiyatan yaiku kabeh tingkah laku sing dumadi sajrone interaksi sosial implikatur pacaturan sajrone tetakonan. Kagiyatan kuwi uga ngenani tindak verbal lan non verbal. Dene relasi yaiku sesambungan antarane panutur lan mitra tutur kang nindakake implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan. Sesambungan kuwi ditemtokake dening (1) jinis kelamin, (2) umur, (3) kalungguhan, (4) sesambungan kluwarga, (5) sesambungan kadhinasan.

Konteks sosial ing implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama iki menehi pangaribawa kang gedhe. Konteks sosial yaiku relasi sosio-kultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika omong-omongan (Mulyana, 2005:24). Konteks kasebut bisa kaperang dadi papat yaiku struktur sosial, relasi sosial, kahanan sosial lan norma sosial. Struktur sosial kuwi ngenani kalungguhane panutur

lan mitra tutur ing bebrayan. Kalungguhane kuwi bisa disawang saka status ekonomi sosial, jinis kelamin, umur lan jabatan ing sawijine sesambungan kadhinasan. Nalika nindakake tumindak basa, kang dadi panutur lan mitra tutur kudu ngerti ana struktur sosial kang ngronce tumindake, panganggone caturan lan interpretasi caturan saka mitra tutur, (Wijana, 1996:46). Dene relasi sosial yaiku ngenani sesambungan sosial antarane panutur lan mitra tutur. Sing kalebu ing relasi sosial yaiku sesambungan paseduluran sing raket lan ora raket, sesambungan kekancan raket lan ora raket, sarta sesambungan tangga kang cedhak lan adoh. Kahanan sosial bisa diperang dadi loro, yaiku resmi lan ora resmi. Konteks kang pungkasan yaiku norma sosial kang minangka aturan utawa paugeran ing papan masyarakat kasebut.

### **Landhesan Teori**

Teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori Yule (2009:70) kang merang implikatur pacaturan dadi loro, yaiku implikatur pacaturan umum (*generalized conversational implicature*) lan implikatur pacaturan mligi (*particularized conversational implicature*). Implikatur pacaturan umum bisa diperang maneh dadi implikatur skala (*scalar implicature*) lan implikatur klausal (*clausal implicated*), banjur miturut Sperber lan Wilson (sajrone Nadar, 2008: 62) implikatur pacaturan mligi bisa diperang dadi telu, yaiku implikatur premis (*implicated premises*), implikatur konklusion (*implicated conclusion*) lan proposisional.

Sajrone pacaturan panutur ngupaya ngandharake maksud tumrap mitra tutur. Ananging mitra tutur kadhang kala kanthi sengaja nglanggar maksim kerjasama. Miturut Grice (1975:45-47) palanggaran maksim kerjasama diperang dadi 4, yaiku maksim kualitas, maksim kuantitas, maksim relevansi, lan maksim cara.

### **METODHE PANLITEN**

Ing bab III bakal diandharake ngenani ancangan panliten, ubarampe panliten, lan tata cara panliten. Sakabehe perangan kasebut bakal diandharake kaya ning ngisor iki.

### **Ancangan Panliten**

Miturut Djajasudarma (1993:3) metodhe panliten kuwi minangka piranti, prosedur, lan teknik kanggo nliti utawa ngumpulake lan nganalisis dhata sing dipilih dening panliti. Metodhe sing dipilih dening panliti nduweni tujuwan supaya asile panliten bisa dipertanggungjawabake ing tembe mburi. Panliten ngenani implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing Grup Sumbangsih iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif.

Metodhe deskriptif kualitatif yaiku prosedur panliten kang ditindakake amung adhedhasar kasunyatan utawa fenomena kang empiris urip ing panutur-panutire, saengga asil kang diasilake arupa pesen basa kang sipate minangka gegambaran lan paparan apa anane, (Sudaryanto, 1993:62). Dene miturut Moleong (2006:4) ngandharake menawa panliten kang nggunakake metodhe kualitatif tegese panliten kang nggunakake prosedur tartamtu kanggo ngasilake dhata deskriptif sing awujud tembung-tembung kang katulis utawa lisan saka manungsa lan solah bawane sing bisa diamati.

Metodhe deskriptif kualitatif sajrone panliten iki digunakake panliti kanggo ngudari jinis implikatur pacaturan lan jinis palanggaran prinsip kerjasama sajrone tetakonan ing grup *Sumbangsih*. Tintingan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tintingan pragmatik.

### **Ubarampe Panliten**

Ubarampe sajrone panliten iki bisa diperang dadi telu, yaiku (1) dhata, (2) sumber dhata lan (3) instrumen panliten. Luwih cethane bakal diandharake kaya ning ngisor iki.

### **Dhata**

Miturut Sudaryanto (1993:3) teges dhata yaiku bahan panliten. Dhata ing panliten iki saka sakabehe ukara tetakonan kang digunakake kanggo pasrawungan karo wong liya. Saka tetakonan kuwi mau, mula ana wangsulan kang maneka werna, nanging kang dijupuk yaiku tetakonan kang ngandhut implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama. Tuturan kang dijupuk panliti sajrone *Grup Sumbangsih* yaiku setaun, amarga dhata kasebut dirasa wis bisa makili kanggo nganalisis.

### **Sumber Dhata**

Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata kasebut bisa dientuki (Arikunto, 2006:129). Sumber dhata panliten sajrone panliten iki yaiku sumber dhata tulis. Sumber dhata tulis kang dikumpulake sajrone panliten iki, yaiku pawongan kang ana ing *Grup Sumbangsih*. Grup Sumbangsih minangka jejaring sosial wis ora asing maneh ing masyarakat. Pawongan-pawongan kasebut asale saka maneh dhaerah kang ngumpul ning *Grup Sumbangsih* kanggo ngrembakake budaya Jawa utawa saka jenenge yaiku pawongan kang seneng adum katresnan.

### **Instrumen Panliten**

Instrumen panliten sajrone panliten implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan nduweni fungsi kang wigati banget. Instrumen minangka piranti kanggo njupuk dhata panliten. Arikunto (2006:126) ngandharake instrumen minangka pirantine panliti supaya metode-metode kang dijupuk bisa gumathok. Ing panliten iki, panliten nggunakake instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama yaiku instrumen kang kudu ana lan wajib dianakake, dene instrumen panyengkuyung yaiku instrumen kang bisa nyengkuyung instrumen utama supaya bisa ngasilake asil kang maksimal sajrone panliten.

Instrumen utama ing panliten iki, yaiku panliti dhewe. Dene instrumen panyengkuyung panliten yaiku arupa laptop kanggo njupuk dhata kang wujud tuturan implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan sing ana ing *Grup Sumbangsih* kasebut. Bab iki ditindakake panliti supaya entuk dhata-dhata kang cundhuk karo underane panliten.

### **Tata Carane Panliten**

#### **Tata Cara Nglumpukake Dhata**

Teknik pangumpulake dhata ing panliten iki yaiku nggunakake metodhe nyimak, waca, cathet, lan pustaka. Panliti nggunakake teknik simak kanggo ngerteni isi saben tuturan kang dadi objek panliten iki. Teknik waca ditindakake kanthi cara maca tuturan sing wis disimak sadurunge. Teknik cathet digunakake panliti kanggo nyathet lan klasifikasi dhata-dhata kang dianggep wigati. Dene teknik pustaka ing kene digunakake kanggo nglumpukake dhata-dhata utawa

informasi lumantar buku-buku, majalah, dokumen kang gegayutan karo objek kang diteliti. Tata cara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku:

- 1) Maca objek panliten kang arupa tetakonan ing grup *Sumbangsih*. Kagiyatan maca objek ora mung dilakoni sepisan bae, nanging panliti dibolan-baleni nganti tujuan panliti bisa digayuh.
- 2) Menehi tandha tuturan kang dianggep kalebu karo underane panliten kasebut.
- 3) Nindakake pamilih dhata kang nduweni ancas yaiku njupuk dhata kang dianggep slaras klawan panliten kang ditindakake.
- 4) Dhata kang wis dipilih banjur dipilah-ilah miturut kabutuhan panliten.
- 5) Dhata kang wis dipilih banjur dianalisis nggunakake tintonan pragmatik.

#### **Tata Cara Njlentrehake Dhata**

Teknik analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teknik analisis deskriptif. Analisis deskriptif iki bakal ngasilake dhata kang deskriptif kang ana sesambungane karo tujuan panliten. Pangatrepe analisis dhata ing panliten iki ditindakake sawise sakabehe dhata kang dibutuhake wis kasil dikumpulake. Dhata-dhata mau banjur dianalisis kanthi cara kaya ning ngisor iki:

- 1) Dhata dijupuk saka pacaturan kang wujud tetakonan ing Grup *Sumbangsih*.
- 2) Dhata kang wis dipilih banjur diperang-perang miturut underaning panliten kanggo nggampangake proses analisis.
- 3) Dhata diperang dadi rong klompok. Klompok kapisan yaiku dhata kang gegayutan karo jinis implikatur pacaturan, lan klompok kapindho yaiku dhata kang gegayutan karo jinis palanggaran maksim kerjasama.
- 4) Dhata kang wis diperang banjur dianalisis nggunakake tintonan pragmatik.
- 5) Nyusun lan ndudut asile analisis.
- 6) Nglaporake asile analisis.

#### **Tata Cara Nyuguhake Asil Panliten**

Mitutut Sudaryanto (1993:144-145) tata cara nyuguhake asil panliten iki bisa diperang dadi loro yaiku formal lan informal. Panliten iki nggunakake analisis informal, tegese dhata-dhata kang ana sajrone *Grup Sumbangsih* diandharake kanthi nggunakake tembung-tembung kang lumrah. Asil analisis dhata disuguhake awujud laporan tulis ngenani sakabehe dhata kang wis diasilake ing panliten iki, mligine ngenani implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih*.

Dhata disuguhake kanthi cara deskriptif yaiku nggunakake tembung-tembung katulis tanpa nggunakake angka utawa rumus. Asile panliten iki ditulis sawise panliti nglumpukake lan ngolah dhata, asiling panliten iki bisa kaperang dadi 5, yaiku:

- (1) Bab I minangka purwaka saka panliten iki ngandharake landhesane panliten, underane panliten, ancas panliten, paedahe panliten, lan panjlentrehane tembung.
- (2) Bab II minangka tintonan kapustakan saka panliten iki ngandharake panliten kang saemper, konsep-konsep sajrone panliten, lan teori kang digunakake sajrone panliten.
- (3) Bab III minangka metodhe panliten saka panliten iki ngandharake ancangan panliten, ubarampe panliten lan tata cara panliten
- (4) Bab IV minangka andharan lan asile panliten ngandharake jinis implikatur pacaturan lan jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih*.
- (5) Bab V minangka panutup saka panliten iki ngandharake dudutan lan pamrayoga tumrap panliten kang wis ditindakake dening panliti.

#### **ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN**

Ing bab IV iki bakal diandharake ngenani andharan lan njlentrehake dhata kang bisa diklompokake dadi loro, yaiku jinis



implikatur pacatur lan jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing *Grup Sumbangsih*. Sakabehe perangan kasebut bakal diandharake kaya ning ngisor iki.

### **Jinis Implikatur Pacaturan Umum sajrone Tetakonan ing *Grup Sumbangsih***

Pacaturan ning *Grup Sumbangsih* kang kalebu ing jinis implikatur pacaturan umum bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ning ngisor iki:

Tr : Sinten ingkang remen dhahar emput?

*'Siapa yang senang makan emput?'*

H : Kelingan cilikan mbiyen kae ta, klammut nyaprut,,mm

*'Teringat jaman masih kecil dulu ya dengan muka masam'*

Dhata kasebut panutur nindakake pitakonan marang pawongan sapa wae kang ana ning *Grup sumbangsih* ngenani panganan Jawa yaiku emput. Dideleng saka pacaturan antarane Tr lan H kasebut ngandhut implikatur kepinginan tumrap panganan emput. Emput tegese salah sawijine panganan sing bahan utamane yaiku jagung. Panganan iki kagolong panganan jaman biyen sing nganti saiki isih ditemokake ning pasar-pasar tradhisional. Nanging emput saiki wis ora disenengi dening masyarakat amarga saiki akeh pawongan kang ngrasa ana panganan-panganan kang luwih enak, penampilane kang unik utawa maneka warna, lan luwih kreatif tinimbang panganan emput.

Ngeling-ngeling jaman biyene, nalika panutur isih ning Jawa seneng mangan emput. Panutur nganggep yen panganan jaman biyen kuwi enak-enak lan ora diwenahi bahan-bahan *pengawet* utawa bahan kang bisa ngrusak awakdhewe kayata panganan saiki. Yen dikongkon milih, dheweke luwih seneng panganan jaman biyen tinimbang panganan jaman saiki kang maneka warna.

Adhedhasar dhata ning ndhuwur, ngandhut implikatur kepinginan sing nganti saiki durung bisa kawujud. Amarga panganan iki ing Taiwan ora ana. Mula ning kene panutur ora mung menahi pitakonan wae nanging kanthi cara ora langsung dheweke nduweni pengarepan ana sing menahi utawa gawekna emput kanggo tamba rasa kepingine kuwi mau. Kudune apa kang dikarepake

dening Tr kuwi mau, kudu diandharna kanthi cetha supaya H ngerteni apa kang dimaksud karo pitakonane kuwi mau. Kudune ning kene H ora crita nalika dheweke isih jaman cilikane biyen nanging dheweke kudune mangsuli kanthi wangsulan kang cundhuk karo pitakonane Tr kayat "kula" kang padha-padha seneng karo panganan emput.

### **Implikatur Berskala (*Scalar Implikature*)**

Pacaturan ning *Grup Sumbangsih* kang kalebu ing jinis implikatur *berskala* bakal dijlentrehake kaya ning ngisor iki:

Md : Kabeh wong tuwa mesthi kepingin meruhi anake padha dadi. Nanging wong tuwa kadhang lali yen wong tuwa beda-beda. Jenenge Priyadi, sawise lulus SMA dheweke ora kasil mlebu sekolah kang luwih dhuwur. Pancen wiwit biyen mula Priyadi kalah bijine yen dibandingake kakang lan adhine. Mesthine wong tuwane kudu luwih gemati marang priyadi, amarga kepriye wae dheweke rumangsa ora dadi. Emane wong tuwane lali lan malah ngesok rasa kuciwa kuwi ben dina mung tansah disrengeni wong tuwane. Satemah Priyadi minggat, lunga saparan-paran. Ora menahi kabar marang wong tuwane. Geneya wingi-wingi mung disengke wae prasasat ora digatekake. Barang Priyadi minggat malah ditangisi, nglari marang omahe kancakancane Priyadi. Prasasat kaya nggoleki kelinci ucul. Yen wis ngene iki sing salah sapa?

*'Semua orang tua selalu ingin tahu anaknya sukses. Akan tetapi, orang tua terkadang lupa kalau setiap orang selalu berbeda-beda. Namanya Priyadi, sekarang lulus SMA, dia tidak masuk disekolah yang lebih tinggi. Memang dari dulu Priyadi selalu kalah jika dibandingkan dengan kakak dan adiknya. Semestinya orang tuwanya harus lebih*

*memperhatikan priyadi, karena dia belum bisa sukses. Lalu Priyadi pergi. Tidak pernah kasih kabar kepada orang tuanya. Kemarin-kemarin dia tidak diperhatikan. Sekarang Priyadi pergi malah ditangisi, mencari kerumah tman-temannya Priyadi. Seperti mencari kelinci hilang. Kalau sudah seperti ini siapa yang salah?*

Hb : Mesakke Priyadi. Aku kelingan biyen nalika didukani wae karo emakku. Untunge aku ora wani minggat. Hehehe... dadine emakku ora perlu repot nggoleki.  
*'Kasihani Priyadi. Aku ingat jaman dahulu ketika dinasehati oleh ibuku. Beruntungnya aku tidak berani untuk pergi. Hehehe... Jadi ibuku tidak perlu repot mencariku'*

Pacaturan ning ndhuwur nuduhake yen Md crita ngenani sawijine pawongan kang ora kasil mlebu sekolah kang luwih dhuwur kaya dulur-dulure. Dheweke ngrasa yen wong tuwane pilih kasih, amarga saben dina dheweke mung tansah diseneni dening wong tuwane. Apa kang wis ditindakake dening wong tuwane kasebut ndadekake dheweke ora krasan nalika ana ning omah. Kepengine dheweke metu saka omah lan ora ketemu karo wong tuwane.

Dingerteni yen saben bocah kuwi nduweni kemampuan kang beda-beda. Ana bocah kang bodho, ora bodho lan ora pinter, lan bodho. Mesthine wong tuwa kudu bisa ngerteni lan ora meksa anake kuwi dadi pinter kaya apa kang dikarepake saben wong tuwane. Dideleng saka dhata kasebut cetha yen wong tuwane pilih kasih tumrap Priyadi sing ora bisa kaya dulure. Mula tanpa disadari, ndadekake sedhihe anak lan bisa tumindak sakkarepe dhewe kayata minggat, bunuh dhiri, lsp.

Dideleng saka pacaturan ning ndhuwur, dhata kasebut kalebu *implikatur berskala* amarga ning kene Md nggunakake tembung "kabeh" sajrone menahi pitakonan. Sejatine tuturan kasebut ngandhut pitutur saka sakabehe wong tuwa tumrap anak kudu bisa nggawe seneng atine wong tuwane, kudu tansah ngupaya kepriye carane supaya wong

tuwa ngrasa bangga tumrap anake bisa kasil sekolah nganti dhuwur. Ora mung kuwi, pacaturan kasebut uga nduweni pitutur tumrap wong tuwa supaya ora mbedakake anak siji lan sijine supaya anak ora ngrasa lara ati yen dbedakake.

### Implikatur Klausal (*Clausal Implicature*)

Pacaturan ning Grup Sumbangsih kang kalebu ing jinis *implikatur klausal* bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ing ngisor iki:

Mk : Nadyan wujudde mung tempe penyet, ning aku lan anak-anakku sarapan kalawan nikmat lan syukur tanpa kaukur. Apa panjenengan uga remen sarapan karo tempe penyet?

*'Walaupun wujudnya cuma tempe penyet, tetapi aku dan anak-anakku sarapan dengan nikmat dan syukur. Apa kalian juga senang sarapan dengan tempe penyet?'*

Pd : Ditambah kemangi apa godhong bluntas mbak tambah ra kepikiran utang.

*'Ditambah kemangi atau daun luntas Mbak seperti tidak kefikiran hutang'*

Dhata kasebut nuduhake yen Mk nduweni rasa syukur tumrap kahanane saiki. Sajrone pacaturan nindakake pitakonan ngenani pawongan apa seneng mangan karo tempe penyet. Nanging saka pitakonan kasebut sejatne Mk nduweni maksud kanthi cara ora langsung yaiku mulangi sapa wae bisa mangan sak anane lan bisa syukur marang apa kang diduweni mligine anak-anake.

Adhedhasar pacaturan ning ndhuwur, banjur entuk wangsulan saka Pd. Ning wangsulane ning kene wujudde nambah apa kang wis dicritakake dening Mk. Kudune Pd menahi wangsulan remen utawa ora remen. Saliyane kuwi, pacaturan ning ndhuwur bisa kalebu *implikatur klausal* amarga sajrone pacaturan kasebut ana rong klausa sing dadi sakukara.

### Jinis Implikatur Pacaturan Mligi sajrone Tetakonan ing Grup Sumbangsih

Pacaturan ning Grup Sumbangsih kang kalebu ing jinis implikatur pacaturan mligi bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ing ngisor iki:

Ag : Mbak sih, jare ing taiwan lagi ana lindhu, mosok nganti kaya ngene iki?

'Mbak Sih, katanya di Taiwan ada gempa lagi, apa sampai seperti ini?'

Sk : Ngeri.  
'Ngeri'

Pacatura ing dhata kasebut njlentrehake kahanan ing Taiwan kaya ngapa. Pacaturan kasebut kalebu pacaturan kang mligi. Ing kene nuduhake rasa prihatin lan sedhik marang kedadeyan kasebut. Bisa dideleng saka tembung *lindhu* yaiku salah sawijine kedadeyan kang gedhe, kang ora bisa diprediksi karo pawongan sapa wae. kedadeyan kasebut bisa dialami kapan wae, ing ngendi wae.

Implikatur ngenani *mosok nganti kaya ngene iki* tegese yaiku nuduhake rasa gumon karo kahanane saiki sabanjure ana lindhu. Adhedhasar pacaturan ing dhata kasebut ngandhut implikatur kang panutur nduweni pengarep supaya mbak sih kasebut mulih ing dhaerahe supaya ora kena lindhu kaya ing Taiwan lan donga supaya pawongan ning kana ora kena apa-apa.

### Implikatur Premis (*Implicated Premises*)

Pacaturan ning Grup Sumbangsih kang kalebu ing jinis implikatur premis bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ing ngisor iki:

Mh : Udan ngeciprih, nanging kok panggah soumuk ae ya?

'Hujan gerimis, tapi kok tetap gerah ya?'

Pj : Klekaran teng njobin kadosipun enak Mas.

'Tidur dilantai sepertinya enak Mas'

Pacaturan sajrone dhata kuwi nuduhake yen pacaturan kasebut kalebu implikatur premis. Teges *sumuk* yaiku sawijine kahanan kang dirasa pawongan panas. Ning kene dheweke nggumon kena ngapa wis udan

nanging hawane isih sumuk lan ora adhem. Mula implikatur pacaturan kuwi ngandhut kekeparepan yen ana sawijine tumindak kang bisa ndadekake dheweke ora sumuk.

Adhedhasar dhata ing ndhuwur nuduhake yen wangsulan saka pitakonane Mh, banjur Pj mangsuli kanthi wangsulan *Klekaran teng njobin kadosipun enak Mas*. Panutur ndudut yen klekaran ing njobin bisa ndadekake dheweke ora sumuk. Mangerteni wangsulan kang kaya mangkono kalebu implikatur premis.

### Implikatur Konklusion (*Implicated Conclusion*)

Pacaturan ning Grup Sumbangsih kang kalebu ing jinis implikatur *conclusion* bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ing ngisor iki:

Kr : Wonten panggenan kula, panganan menika aranipun carabikang, sanes corobikang hle (niku nggilani) hehe. Ten panggenan njenengan aranipun napa ndara?

'Ditempat saya makanan ini namanya carabikang buka corobikang. Ditempat kamu namanya ini apa?'

Ha : Sakkarepmu sing enak halal.  
'Terserah yang penting halal'

Dhata ning ndhuwur nuduhake yen Kr sejatine nduweni maksud ora perduli karo jeneng panganan kasebut. Dingerteni yen teges cara bikang yaiku salah sawijine panganan saka tepung trigu. Dheweke ngerti yen ning dhaerahe lan dhaerah liyane mesthi nduweni panemu dhewe-dhewe. Dideleng sajrone pacaturan ning ndhuwur, maksud Kr ora diandharake kanthi cara langsung.

Pitakonan Kr kasebut banjur diwangsulni dening Ha kanthi wangsulan *sakkarepmu sing enak halal*. Wangsulane kasebut ora cundhuk karo pitakonane Kr. Saka wangsulane Ha kasebut, dheweke ndudut yen carabikang kalebu panganan sing enak. Lan dheweke ora perduli apa kuwi jenenge, sing penting enak lan halal.

### Jinis Palanggaran Maksim Kerjasama sajrone Tetakonan ing Grup Sumbangsih

### Palanggaran Maksim Kualitas (*Flouting a Maxim of Quality*)

Pacaturan ning *Grup Sumbangsih* kang kalebu ing jinis palanggaran maksim kualitas bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ning ngisor iki:

Ab : Arep ning Surabaya iki enake budhal jam piro?  
'Enaknya pergi ke Madiun jam berapa ya?'

Hr : Jam 07.00 ora macet  
'Jam 07.00 tidak macet'

Dideleng saka dhata kasebut Ab menahi pitakonan ngenani dheweke sing arep ning Surabaya, nanging isih bingung arep budhal jam piro. Saka pitakonane kasebut banjur diwangsul dening Hr kanthi wangsulan *jam 07.00 ora macet*. Wangsulane kang kaya mangkono nuduhake yen wangsulan kang ora sabenero.

Kabeh pawongan mesthine mangerteni yen kutha Surabaya kuwi mesthi macet amarga akeh pawongan kang ana utawa kerja ning Surabaya. Apa maneh ning jam-jam esuk kayata jam 07.00. Jam semono nuduhake yen pawongan sing ana ning Surabaya padha metu kabeh. Ana sing kerja, ana sing kuliyah, ana lsp. Kudune ning kene dheweke bisa menahi wangsulan kang trep tumrap pitakonan kang ditakonake dening Ab. Bisa uga ning kene Hr menahi wangsulan kayata ing tengah wengi wae supaya ora macet. Saupama dheweke menahi wangsulan kang kaya mangkono, mesthine wangsulan kasebut bisa dipercaya dening Ab.

#### **Palanggaran Maksim Kuantitas (*Flouting a Maxim Quantity*)**

Pacaturan ning *Grup Sumbangsih* kang kalebu ing jinis palanggaran maksim kuantitas bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ing ngisor iki:

Tr : Dumadakan kok pengin banget jangan bung abang. Bung abang iku bung saka pring ori. Rasane beda karo bung putih sing saka pring apus. Apa isih ana ya, ing jawa?  
'Tiba-tiba ingin sekali makan bung merah. Bung merah itu dari pring apus. Apa di Jawa masih ada?'

Sk : Pengin abang diwehi dongjati.  
'Ingin merah dikasih daun jati.'

Sajrone pitakonan Tr yaiku *dumadakan kok pengin banget jangan bung abang. Bung abang iku bung saka pring ori. Rasane beda karo bung putih sing saka pring apus. Apa isih ana ya, ing jawa?*, nuduhake yen ana rasa kepingin mangan jangan bung abang nanging durung bisa kawujud.

Kepinginan Tr kasebut, diwangsul dening Sk kanthi tuturan *pengin abang diwehi dongjati*. Wangsulane kasebut nuduhake yen dheweke kepingin ngguyoni Tr sing kepinginane kasebut durung bisa kawujud. Wangsulane kang diandharane dening Sk kuwi mau mujudake wangsulan kang ora diperlokake dening Tr. Apa kang dikarepake dening Tr, Sk bisa mangsul kanthi saperlune wae. Bisa uga ning kene Sk menahi wangsulan kanthi isih utawa wis ora ana. Amarga dideleng saka pitakonane Tr ning dhata kasebut menahi pitakon *apa isih ana*. Mula saka kuwi, pacaturan ning dhata kasebut bisa diarani palanggaran maksim kuantitas.

#### **Palanggaran Maksim Relevansi (*Fouting a Maxim of Relevance*)**

Pacaturan ning *Grup Sumbangsih* kang kalebu ing jinis palanggaran maksim relevansi bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka pacaturan kasebut kaya ing ngisor iki:

Kr : Malem jemuah kok mbok wedok nyepaki "pudhing" ki pralambange apa ya?

'Malam jum'at kok istriku menyiapkan pudding, lambangnya apa ya?'

Kh : Ben lunyu!  
'Supaya licin'

Dideleng saka dhata kasebut nuduhake yen pacaturan kasebut kalebu palanggaran maksim relevansi. Pacaturan ning ndhuwur ngandharake sawijine estri kang nyiapake pudhing ing wayah malem jemu'ah. Dheweke ora ngerti apa kang dadi keparepene bojone kuwi mau. Adhedhasar pitakonane Kr, banjur diwangsul dening Kh kanthi wangsulan ben lunyu. Dideleng saka wangsulane kasebut nuduhake yen wangsulane ora nduweni guna. Kudune Kh

bisa mangsuli kanthi cundhuk karo pitakonane.

**Palanggaran Maksim Cara (*Founting a Maxim of Manner*)**

Pacaturan ning Grup Sumbangsih kang kalebu jinis palanggaran maksim cara bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya luwih gamblang. Andharan lan jlentrehane saka maksud pacaturan kasebut kaya ing ngisor iki:

Kh : Dina iki tanggal 26 aku ngancik mulai mlaku umur 72 taun, sapa sing gelem ngamek anak aku?

*'Hari ini tanggal 26 umurku 72 tahun, siapa yang mau mengadopsiku?'*

Dj : Tanggal lairku ora dicathet dening wong tuwaku sing mung wong tani. Mulane anane mung takancer-ancer dhewe saka kandhane wong-wong tuwa kluwargaku yen lairku kalane ana geger PKI Madiun, taun 1948. Aku ora tau mikirake pira umurku, senjata bener wis tuwa, nanging aku ora ngrasa tuwa. Isih terus nggunakake otak kanggo terus makarya amraih ora gampang pikun, gaul, enerjik, seneng blayangan mrana-mrana kanthi kathok cekak sangisore dhengkul, gondrong kaosan lan nyangklong tas.

*'Tanggal lahirku tidak dicatat oleh orang tuaku yang hanya seorang tani. Sehingga hanya saya kira-kira, dari pembicaraan orang tuaku yang waktu itu ada pertengkaran PKI Madiun tahun 1948. Aku tidak pernah memikirkan umurku, walaupun sudah tua tetapi aku tidak merasa tua. Masih terus menggunakan otak untuk terus bekerja tapi tidak gampang lupa, gaul, enerjik, senang main-main dengan menggunakan celana pendek bawahnya lutut, gondrong, memakai kaos, dan membawa tas'*

Dideleng saka dhata ning ndhuwur yen Kh nindakake pitakonan ngenani sapa sing gelem ngamek anak dheweke. Nanging pitakonan kasebut sejatine nduweni maksud kanggo ngongkon supaya anake bisa ngramut Kh amarga umure sing dirasa wis tuwa. Yen wis tuwa, mesthine ora bisa tumindak dhewe mesthi merlokake pawongan liya supaya dheweke ana sing ngramut lan ngancani. Adhedhasar pacaturan ning ndhuwur, bisa dideleng yen maksud Kh diwangsuli dening Dj. Dj ning kene ora mangsuli nanging dheweke nyritakake nalika dheweke lair lan ora ngerti tanggal laire. Iki nuduhake yen wangsulan kang diandharna dening Dj ora singkat tumrap kabutuhane Kh. Kudune sajrone pacaturan kasebut Kh bisa mangsuli kanthi cetha yaiku "gelem" utawa "ora".

**PANUTUP**

**Dudutan**

Implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama kerep ditemokake sajrone tindak pacaturan langsung utawa ora langsung, ananging saliyané kuwi uga ditemokake sajrone pacaturan kang wujudé tinulis. Ing kene implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama jalaran kang kasusun saka reroncengane ukara kang nuduhake uneg-unege ati. Implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan iki kerep ditindakake dening masyarakat sajrone panguripan saben dina. Bisa didudut yen asil panliten ngenani implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama sajrone 93 dhata iki bisa diandharake lan dijlentrehake jinis implikatur pacaturan lan jinis palanggaran maksim kerjasama sajrone tetakonan ing Grup Sumbangsih.

Dhata kasebut kaperang dadi 16 pacaturan kalebu jinis implikatur pacaturan umum, 9 pacaturan kalebu *implikatur berskala* lan 7 pacaturan kalebu *implikatur klausal*. Banjur 10 pacaturan kalebu implikatur pacaturan mligi, 7 pacaturan kalebu implikatur premis, lan 6 pacaturan kalebu *implikatur konklusion*. Uga jinis palanggaran maksim kerjasama bisa kaperang 9 pacaturan kalebu maksim kualitas, 13 pacaturan kalebu maksim kuantitas, 9 pacaturan kalebu maksim relevansi lan 7 pacaturan kalebu maksim cara.

### **Pamrayoga**

Panliten iki pancen isih durung sampurna, isih akeh salahe kang disengaja lan ora disengaja. Mula saka kuwi dikarepake panliten sabanjure bisa luwih sampurna saka panliten iki. Panliten iki dikarepake bisa aweh daya pangaribawa tumrap panliten sabanjure kang padha nliti babagan implikatur pacaturan lan palanggaran maksim kerjasama.

### **KAPUSTAKAN**

Anggraini, Noviana Dwi. 2014. "Implikatur Percakapan dalam Wacana Stiker Angkutan Umum Angkot di Wilayah Kudus". (Skripsi tidak diterbitkan). Surakarta: Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta

Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Jakarta: Refika Aditama

Djajasudarma, Fatimah. 2012. *Wacana & Pragmatik*. Bandung: Refika Aditama

Gunarwan, Asim. 2007. *Pragmatik: Teori dan Kajian Nusantara*. Jakarta: Universitas Atmajaya

Grice, H. P. 1975. *Logic and Conversation*. New York: Oxford University Press

Jannah, Muflikhul. 2016. "Implikatur Sajrone Lagu Jawa Riptane Andjar Any". (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa

Keraf, Groys. 1980. *Komposisi*. Flores: Nusa Indah

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

Kushartanti, dkk. 2005. *Pesona Bahasa: Langkah Awal Memahami Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

Levinson, Stephen C. 1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press.

Martutik, dkk. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian dalam Pemakaian*. Malang: Bayumedia Publishing

Moleong, Lexy. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya

Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori Metode dan Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana

Mustikawati, Firda. 2011. *Implikatur dalam Wacana Nuwun Sewu pada Surat Kabar Solopo*. (Skripsi tidak diterbitkan). Yogyakarta: Jurusan PBI-FBS-UNY

Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Nadar, F. X. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu

Oktavianus. 2006. *Analisis Wacana Lintas Bahasa*. Padang: Andalas University Press

Parera, J. D. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga

Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga

Ramlan. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: Karyono

Retnowati, Pitri. 2013. "Implikatur Bahasa Jawa dalam Kethoprak Lawak Depot Seni Kirun (Suatu Kajian Pragmatik)". (Skripsi tidak diterbitkan). Surakarta: Jurusan Sastra Daerah-FSS-UNS

Rohmadi, Muhammad. 2004. *Pragmatik: Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Lingkar Media

Rusyadi. 1985. *Kosa Kata Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta

Samsuri. 1991. *Analisis Kesalahan Berbahasa*. Jakarta: Erlangga

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Pers

Suyanti, Sri. 2012. "Jenis-Jenis Implikatur Percakapan Berdasarkan Pelanggaran Prinsip Kerjasama dalam Talk Show Hitam Putih di Trans 7". (Skripsi tidak diterbitkan). Surakarta: Universitas Muhammadiyah Surakarta

Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset

Wijana, I Dewa Putu dan Muhammad Rohmadi. 2011. *Analisis Wacana Pragmatik: Kajian Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka

Yule, George. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

<http://www.64mes.com/2011/04/facebook-definisi-manfaat-dan.html>- diakses 1 Januari 2016)

[www.sfs.uni-tuebingen.de/~roland/PGT1314/folien/Sessi on03.pdf](http://www.sfs.uni-tuebingen.de/~roland/PGT1314/folien/Sessi on03.pdf)- Diakses 05 April 2016)

[www.sfs.unituebingen.de/~roland/PGT1314/folien/Sessi on03.pdf](http://www.sfs.unituebingen.de/~roland/PGT1314/folien/Sessi on03.pdf)- Diakses 05 April 2016).

